



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 30 desanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LWA POU ANPECHE LAVANT LIKID NAKOTIN A MINÈ YO E LI MANDE POU  
L NAN RESIPYAN KE TIMOUN PA KAPAB OUVÈ**

***Yo jwenn li nan sigarèt elektwonik, likid nikotin patikilyèman toksik si yo vale l***

***De 2010-2014, ka yo te rapòte yo te ogmante de youn pa mwa pou rive a 215 nan tout peyi a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lejislasyon ki entèdi lavant likid nikotin a minè yo e li mande pou l nan resipyan ke timoun pa kapab ouvè pou pwoteje kont anpwazonman aksidantèl.

“Aksyon sa a pral ede konbat adiksyon nikotin lè yo pa kite l disponib pou minè yo, epi anpeche yon aksidan pwayan pa rive si yon timoun ekspoze nan sibstans sa ki potansyèlman danjere,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a an lwa e mwen remèsye pwomotè yo paske yo travay sou inisyativ sa ki enpòtan anpil.”

Nikotin likid, ke yo konnen souvan tankou likid elektwonik oswa e-likid, se yon konpoze nikotin ak lòt pwodui chimik. Likid nikotin ki konsantre toksik anpil, menm si se nan ti kantite, e si yo vale l, likid nikotin lan kapab koze latranblad, vomisman, kriz e potansyèlman, lanmò. Pou tibebe ak timoun, si yo vale likid nikotin gen chans pou l patikilyèman mòtèl. Daprè [rapò](#) 2014 Sant pou kontwòl maladi, kantite apèl ki fèt nan sant pou kontwòl pwazon ki gen ladan likid nikotin ogmante de yon mwa a yon lòt nan mwa septanm 2010 a 215 pa mwa nan fevriye 2014. Plis pase mwatye nan apèl yo (51.1%) te gen ladan timoun ki anba laj 5 ane.

Likid nikotin disponib fasilman e yo vann li pou itilize nan sigarèt elektwonik. Byenke New York te bani lavant sigarèt elektwonik pou minè yo nan 2010, lwa a pa entèdi ekspreseman lavant likid nikotin a minè yo oswa mete kondisyon anbalaj.

Lwa sa a (S.7027-C/A.9299-D) pral:

- Entèdi lavant likid nikotin pou minè yo: Limitasyon sa a aplike a moun ki anba laj 21 ane nan vil New York, e anba laj 18 ane nan tout rès eta. Biznis yo kap vann likid nikotin gen obligasyon pou yo gen siy spesifik ki endike ke lavant pwodui sa a strikteman entèdi pou minè yo.

Haitian Creole

- Egzije anbalaj ke timoun pa kapab ouvè pou lavant: Sa a entèdi nenpòt pwopriyete biznis pou yo vann likid nikotin amwenske li anbale nan yon boutèy ke timoun pa kapab ouvè pou anpeche ekspozisyon aksidantèl. Vyolatè yo ap sijè a yon penalite sivil jiska \$1,000.

Manm asanble Linda B. Rosenthal te deklare, “ Ekspoze a yon kantite likid nikotin menmsi li tou piti kapab mòtèl pou jèn timoun yo. Lanmò aksidantèl yon ti gason ki gen laj yon lane nan Fort Plain, NY kòm yon rezilta anpwazonman likid nikotin, premye nan fason sa nan peyi a, endike klèman nesosite pou kalite lejislasyon bon sans sa. Mwen espere ke lwa sa a pral ede prevni yon lòt trajedi tankou sa pou l pa rive, e mwen kontan paske Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa mwen an, an lwa.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride